



Opsyon w genyen pou Koleksyon Sipò Timoun pandan w ap resevwa Temporary Assistance for Needy Families (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite, TANF)

Lè w resevwa TANF pou timoun ki pran swen w yo, ou dwe ede Department of Social and Health Service (Depatman Sèvis Sosyal ak Sante, DSHS), Division of Child Support (Divizyon Sipò Timoun, DCS), kolekte sipò timoun sof si li pa an sekirite pou ounenm oswa pou timoun yo. Community Services Division (Divizyon Sèvis Kominotè, CSD) detèmine kalifikasyon pou TANF epi li refere a DCS pou bay sèvis ranfòsman sipò konplè lè ounenm oswa timoun (yo) resevwa TANF. Sèvis sa yo ka gen ladan DCS ki fè respekte obligasyon yon lòt paran pou bay asirans sante ak kontribisyon yo nan depans medikal ki pa gen asirans pou timoun nan (yo).

Kisa mwen dwe fè pou ede DCS kolekte sipò timoun?

- Bay non paran timoun nan (yo).
- Ban nou enfòmasyon pou ede jwenn paran an (yo).
- Ede pwouve kiyès ki paran timoun nan (yo).

Poukisa li benefik pou etabli patènité ak kolekte sipò timoun?

- Paske sipò timoun ka ede w reyalize estabilite finansye.
- Paske li bay timoun nan (yo) yon istwa medikal familyal lè li konnen kiyès paran yo ye.
- Paske li bay timoun nan yon dwa legal pou eritaj, sekirite sosyal, benefis veteran ak lòt dwa gouvènman an.

Kisa k ap pase si mwen pa kolabore ak DCS?

Si w ap resevwa benefis pou tèt ou epi w pa ede DCS kolekte sipò pou timoun, yo ka redui pòsyon w nan sibvansyon kach la a 25%. DCS pral pouswiv koleksyon sipò timoun san koperasyon w.

Ki lè li bon pou pa kolabore ak DCS?

Ou pa bezwen ede w kolekte sipò pou pitit ou a si travayè CSD w la detèmine ou gen bon rezon pou w pa ede. Bon rezon yo se:

- Ou gen krentif pou ounenm oswa timoun ki nan swen ou yo pral blese fizikman oswa emosyonèlman.
- Pitit ou a te fèt akòz vyòl oswa ensès.
- Ou te kòmanse pwosed adopsyón, oswa ou nan konsèy (pou jiska twa mwa) ak yon ajans plasman timoun sou adopsyón.

Kisa mwen ta dwe bay travayè CSD mwen an pou montre mwen gen Bon Kòz pou m pa ede?

- Deklarasyon ou siyen ki montre laperèz ak enkyetid ou yo (ki gen ladan fòm sa a), oswa
- Nenpòt dosye ki gen ladan medikal, polis, deklarasyon fanmi oswa zanmi sou reklamasyon sekirite ou, si sa disponib.
- Ou gen 20 jou pou bay verifikasiyon sa a men ou ka mande plis tan si sa nesesè.

Èske mwen ka toujou jwenn sipò pou timoun epi mwen pa kolabore ak DCS?

Wi, paske gen de nivo diferan ke ou ka chwazi; Nivo A oswa Nivo B.

- Nivo A: Yo p ap mande w pou kolabore ak DCS. Yo p ap kolekte sipò pou timoun.
- Nivo B: Yo p ap mande w pou kolabore ak DCS men y ap jwenn sipò pou timoun epi adrèz ou rete pwoteje.

Kisa mwen ta dwe fè si li pa an sekirite ankò pou DCS kolekte sipò pou timoun?

- Kontakte CSD ak ofisyè sipò timoun DCS ou imedyatman. Di yo tou de sou nouvo sitiyyasyon ou.
- Mande Bon Kòz lè w ranpli fòm sa a.
- Si kounye a ou gen Bon Kòz Nivo B, konsidere chanje nan Nivo A.
- Mande yon referans bay moun k ap defann vyolans familyal sou plas oswa nan kominote a.

E si mwen pa dakò ak desizyon Bon Kòz CSD a?

Ou gen dwa pou mande yon Odyans Administratif sou desizyon Bon Koz la. Yon Odyans Administratif se yon revizyon desizyon Bon koz la. Gade "Pwosesis Odyans Administratif" nan dènye paj la pou plis enfòmasyon sou odyans administratif.

Si w gen nenpòt kesyon sou èd ak koleksyon sipò timoun, mande anvan ou siyen fòm sa a. Tcheke sèlman youn nan deklarasyon ki anba yo.

- Mwen kwè li an sekirite pou mwen menm ak pitit mwen yo pou DCS kolekte sipò pou timoun. Mwen konprann ke mwen dwe ede DCS kolekte sipò pou timoun epi si mwen pa fè sibvansyon lajan kach mwen an ap redwi a 25%.
- Mwen gen yon bon rezon pou m pa ede. Tanpri dekri rezon ki fè w dekri laperèz ak enkyetid w yo nan pwochen paj la.

Sitiyasyon chak fanmi diferan. Tanpri tcheke tout kare ki pi ba yo ki dekri rezon ki fè yo ka pa an sekirite pou chèche sipò pou timoun.

- Timoun (yo) yo sibi pwosedi adopsyon legal.
- Timoun lan (yo) fèt akòz ensès oswa vyòl.
- Mwen gen yon lòd restriksyon oswa rapò lapolis depoze pou paran ki pa gen gad la.
- Paran ki pa gen gad la te fè m mal oswa menase pou l fè m mal oswa timoun nan (yo).
- Paran ki pa gadyen an gen yon istwa konpòtman vyolan.
- Paran ki pa gen gadyen an ap eseye jwenn gad sou timoun nan (yo) si yo pouswiv sipò pou timoun, epi li pa ta bay yon anviwònman ki an sekirite pou timoun nan (yo).
- Mwen enkyete ke estabilite timoun nan (yo) ta deranje.
- Si yo chèche sipò pou timoun nan, paran ki pa gen gadyen an ta gen anpil chans vin ostil epi lakòz chòk emosyonèl pou timoun nan (yo).
- Paran ki pa gen gad la gen pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm abi sibstans ki te lakòz mwen oswa timoun nan (yo) mal.
- Lòt, tanpri dekri laperèz ak enkyetid ou anba a:

Mwen deklare deklarasyon ki anwo a se vre.

NON KLIYAN (AN LÈT DETACHE)	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN
SIYATI KLIYAN AN	DAT

Mwen bay kliyan an yon kopi fòm sa a.

SIYATI TRAVAYÈ	DAT
NON PARAN KI PA RESPONSAB	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN
NON TIMOUN LAN	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN
NON TIMOUN LAN	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN
NON TIMOUN LAN	NIMEWO IDANTIFIKASYON KLIYAN

Pwosesis Odyans Administratif

1. Pou yon revizyon sou ka w la, rele CSD nan 1-877-501-2233.
2. Pou mande yon odyans Administratif kontakte CSD oswa ekri nan Office of Administrative Hearings, PO Box 42489, Olympia, WA 98504-2489 nan 90 jou. DCS p ap kòmanse travay sou ka w jiskaskedesizon odyans lan final.
Yon avoka oswa yon lòt moun ou chwazi a ka reprezante w nan odyans lan, oswa ou ka reprezante tèt ou.

Èske mwen ka resevwa konsèy legal oswa reprezentasyon?

Ou ka rele liy sèvis legal nan tout eta a nan 1-888-201-1014.